Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№67 (26040)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 17 апрель — хуымгæнæны мæйы 17 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕДЕРАЛОН ПРОГРАММÆТÆ
Скъолаты цалцæг

3 ЮБИЛЕЙ
Мыхуыры дæснытæ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Самбо

Æмбырд

Коррупцийы ныхмæ – карз тох

РЦИ-Аланийы Сæргъæуæг Сергей МЕНЯЙЛО сарæзта Цæгат Ирыстоны Коррупцийы ныхмæ æмархайды къамисы æмбырд. Æркастысты дзы бюджетон сферæйы оперативон службæйы архайды, бындуронæй национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæм гæсгæ цы объекттæ аразынц æмæ цалцæг кæнынц, уыдоны мониторинджы хатдзæгтæм, стæй паддзахадон æмæ бынæттон хицаудзинады оргæнты кадрты службæтæ коррупцийы ныхмæ цы мадзæлттæ аразынц, уыдонмæ.

Æмбырды боны фæтк йæ архайджыты размæ рахæссыны агъоммæ сын **Сергей Меняйло** сæ зæрдыл æрлæвуыны кодта уæлдæр ахуырадон уагдæттæм бацæуыны тыххæй нысанон здæхты фарста æмæ фæбæрæг кодта, коррупцийы фæзындтытыл фæгуырысхо уæвгæйæ дзы алы цаумæ дæр хицæнæй лæмбынæг каст кæй цæудзæн.

– Нысанон бынæттæн анализ скæнут æмæ сæ, ныртæккæ республикæйы тынгдæр цы дæсныйæдтæ хъæуы, уыимæ абарут: бамбарын нæ хъæуы, республикæйы юристтæ æмæ финансисттæ суæвыны курдиæттæ цæмæн сбирæ сты, кæд æмæ нæ æцæгдзинадæй та абон хъæуы ахуыргæнджытæ, фыццаг цæджы специалисттæ æмæ афтæ дарддæр. Нысанон здæхты фæстиуæг у ахуыр фæуыны фæстæ рауагъдонæн куысты бынат раттын, уымæ гæсгæ, республикæйы ныртæккæ æнæмæнг цы специалисттæ хъæуы, ахæм дæсныйæдтæн сæ хъуамæ раттæм. Лæмбынæг æркæсдзыстæм, хъуаг кæмæй не ‘ййафæм, уыцы специалисттæн æнæхъуаджы нысанон здæхытытæ цавæр бындурыл лæвæрд æрцыдысты, æмæ уыцы специалистты дарддæр цы фæкæнæм, уымæ, – загъта Сергей Меняйло.

Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй абон уæлдай каст цæуы паддзахадон æмæ муниципалон фæтк дæттыны къабазмæ, уыимæ, паддзахадон æмæ муниципалон хъуагдзинæдтæ æхххæст кæнынæн лæвæрд бюджетон фæрæзтæ куыд хардзгонд цæуынц, стæй социалон æхххуысад, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ахуырадон уагдæттæм.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады экономикон æдасдзинад æмæ коррупцийы ныхмæлæвæг управленийы хицауы хæстæ рæстæгмæ æхххæстгæнæг **Цомайты Алан** йæ доклады фæбæрæг кодта, ведомствæйы кусджытæ æппæт хъарутæй кæй архайынц бæрнон бынат ахсæг кусджыты ’хсæн корупцион фыдракæндтæ рабæрæг кæныныл.

– Бæлвырддæр зæгъгæйæ, фарон уыцы куысты фæстиуæгæн документалон æгъдауæй сбæрæг кодтам хъæуты администрациты сæргъæуджыты æнæзакъон архайд зæхххытæ райсыны тыххæй, стæй РЦИ-Аланийы Уæрæсейы Пенсион фонды дæлхайады бæрнон кусджыты гæртæмттæ исыны цаутæ.

Иудадзыг лæмбынæг каст цæуы паддзахадон программæтæ æмæ национ проекттæн уагъд бюджетон фæрæзтæм фæныхилыны хъуыддагмæ, афтæ – паддзахадон æлхæдтыты къабазмæ дæр, конкурстæ, аукционтæ æмæ паддзахадон бадзырдты домæнтæ æхххæстгонд цæуынц æви нæ, уымæ. Уыцы хъуыддаджы Контролонымайæн палатæимæ иумæ архайæм. Ивгъуыд аз национ проекттæ сæхххæст кæнынæн дихгонд бюджетон фæрæзтæ бахъахъхъæныны фæлгæты нæ управленийы кусджыты архайды фæрцы ахæм фыдракæндтæ фæкъаддæр сты 43 проценты, – загъта Цомайты Алан.

РЦИ-Аланийы Сæргъæуæг æмæ Хицауады администраци та фарон стыр куыст бакодта, квалификацион раст аргъ чи скæндзæн национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты объекты арæзтадон-монтажон æмæ цалцæггæнæн куыстытæн, профилон ахуырад æмæ хъæугæ фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæм специалисттæ ссарыны охыл. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæуæг æмæ Хицауады Администрацийы национ проекттыл дзуапдæттæг управленийы хицау **Дзарасаты Марат.**

Кадрты службæты хайæдтæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнты коррупцион фæзындтытæ æмæ æндæр фыдракæндты ныхмæ архайды тыххæй æмбырды архайджытæн фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæуæджы коррупцийы ныхмæ архайæг управленийы разамонæджы хæдивæг **Гæцойты Марат**. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæуæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

БУТАТЫ Азæмæт

Парламентæй

Историйыл дзурæг цыртдзæвæнтæ

Республикæйы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз, йемæ Парламенты депутаттæ, афтæмæй бабæрæг кодтой Алагиры Садоны здыйы-цинчы комбинаты парчы-музейы комплекс. Культурæйы ацы артдзæст бындурон цалцæджы фæстæ байгом ивгъуыд аз Цæгат Ирыстоны автономийы 100 азы бæрæг кæныны фæлгæты. Уæдæй абонмæ музей ссис, æнæмæнг бабæрæг кæнын кæй хъæуы, республикæйы уыцы культурон объекттæй иу.

Музейы æвæрæнтимæ депутатты базонгæ кодта æмæ сын экскурси сарæзта филиалы разамонæг **Баситы Жаннæ**. Уый радзырдта музейæн йæ ахсджиагдæр бынты тыххæй. Уыдон та сты, Цæгат Ирыстоны рагондæр æмæ стырдæр промышленнон куыстуат – Садоны комбинаты историимæ баст æнтыстдзинæдтæ, чи дзы фæкуыста, уыдоны фæллойадон традицитæ, кусæг адæймаджы кад æмæ намысыл дзурæг экспонаттæ: архивон документтæ, къамтæ, цардыуаджы домæнтимæ баст хæдзары дзаумæттæ, уыцы азты комбинат цы ифтонггæрзтæй куыста, уыдон æмæ æндæртæ. Се ‘ппæт дæр дзурæг сты, канд республикæйæн нæ, фæлæ æппæт Советон бæстæйæн дæр хæххон æрзæты къабазæн цы стыр нисаниуæг уыд, уыл.

Парчы ис, алы æрбацæуæджы æргом дæр йæхимæ чи здахы, ахæм бæрæг бынат – ирон скульптурæйы бындурæвæрг **Едзиты Сослæнбеджы** барельефтæ кæуыл баззад æмæ кæй сног кодтой, ахæм къул. Уый хаст æрцыд культурон бынты номхыгъдмæ, æмæ, музейы кусджытæ куыд бафиппайдтой, афтæмæй ацы цыртдзæвæн бахъахъхъæнынылуынаффæйады оргæнты æмгуыстады руаджы нæ республикæйы цæрджытæн, йæ уазджытæн абон ис ацы диссаджы музей бабæрæг кæныны фадат, – загъта Тускъаты Таймураз.

Парламенты Сæрдары ныхасмæ гæсгæ, Садоны здыйы-цинчы комбинат йæ рæстæджы арæзт æрцыд æппæт бæстæйы иумæйаг хъарутæй. Ардæм цыдысты специалисттæ, кусджытæ, уæд ма æппæт Уæрæсейы империйæ æмæ арæзтой заводтæ, фабрикæтæ, нæ цытджын бæстæйы рухс фидæн.

Уыцы бон ма Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон æрдзон фæдзæхст бынаты мультимедион центр. Уый байгом ацы аз мартъийы æмæ арæзт æрцыд «Туристон инфраструктурæйы райрæзт»-ы федералон проекты æмæ «Туризм æмæ фысымуаты индустри»-йы национ проекты фæлгæты. Музей у æрдзон цыртдзæвæн, ис дзы нырыккон технологитæ æмæ ифтонггæрзтæ, æмæ йæ кусджыты ныхасмæ гæсгæ, æппæт Ирыстоны дæр дыккаг ахæм нæй.

Уазджытæ базонгæ сты цæрæгойты æмæ зайæгойты дунейыл дзурæг интерактивон «Сырх чиныг»-имæ æмæ цымыдисæй бакастысты, адæймаг æмæ æрдз сæ кæрæдзиимæ куыд баст сты, уыл дзурæг кинонывмæ.

Тускъаты Таймураз йæ балцæй разыйæ баззад æмæ рахаста æндæр хатт ацы ран цæлхæмбырд саразыны фæндон.

Фаризæ ХАДАШЕВА

Рахизфарсы районæй

Бæтæхъойыхъæуккæгтæ куыстуарзаг сты

Бæтæхъойыхъæу Рахизфарсы районы центрæй кæд дæрддзæфгомау у, уæддæр районы разамонджытæй рох нæу. Арæх æй абæрæг кæнынц, сæ хъус дарынц цардыуаджы домæнтæ æхххæст кæныны хъуыддæгтæм, сæ къух куыд амоны, афтæ æхххуыс кæнынц бынæттон администрацийæн. Уый тыххæй нын радзырдта Зæронд хъæуы (афтæ хонынц районы Бæтæхъойыхъæу) сæргъæуæг ЦЪЫККАТЫ Артур.

Æдæппæтæй ам цæры 1063 адæймаджы. Хъæуы куы цæра адæймаг, уæд та, куыд раджы, афтæ ныр дæр æнæ цæхæрадон æмæ хæдзарон фос даргæ нæй – уырдыгæй цæуы сæ фынджы бæркад. Бæтæхъойæгтæ куыстуарзаг адæм сты, уарзынц цæхæрадоны архайын, æрдзон уавæртæ дæр сын æхххуыс сты хорз тыллæг æрзайын кæнынмæ. Фæлæ сæ уыцы хъуыддаджы тынг тыхсын кодта, уæлдайдæр – тæвд рæстæджы, доны хæтæлтæ кæй базæронд сты æмæ-иу алы рæтты арæх кæй атыдтой, уый. Сæ цалцæг кæнынæн дæр хæрдзтæ хъуыдис. Æппæт уыцы аххосæгты фæстиуæгæн дон нæдæр донхорыгæн фаг кодта, нæдæр – хæдзары иннæ хъуыддæгтæн. Ныр уыцы фарста боны фæткæй систой – ивгъуыд азы кæрон хъæуы доны хæтæлты хыз ивд æрцыд, æмæ царды хос алцæмæн дæр фаг кæны. Куыстытæ бæрзонд æмвæзадыл сæхххæст кодта арæзтадон компани «Дзебисов».

Хъæуы рæвдауæндоны агъуыст дæр зæрдæмæдзæугæ нал уыд, ранæй-рæтты йæ къултæ аскъуыдтæ сты, тæссаг уавæр сæвзæрд, йæ хатæнтæ дæр нырыккон домæнтæн дзуапп нал лæвæрдтой, æмæ бахъуыд ног агъуыст саразын.

– Бацæттæ кодтам хъæугæ гæххæттытæ, уымæ нæм фæкастысты районы администрацийы бæрнон кусджытæ, æмæ федералон программæмæ хаст æрцыд объект. Ныртæккæ йыл куыст цæуы, ныридæгæн уал йæ фыццаг уæладзыг амад фæци, аразджытæ архайынц дыккагыл. Рæвдауæндон хъуамæ сцæттæ уа ацы азы кæронмæ. Уыдзæн дзы 60 бынаты. Арæзтад фæдзæхст у акционерон æхсæнад «Тис»-ыл, йæ сæргъæуæг – **Тотыккаты Артур**. Мæхæдæг æй бон къорд хатты дæр абæрæг кæнын, ме ‘ххуыс кæм бахъæуы, уым фæкæсын, районы хицауад дæр арæзтадмæ иудадзыг йæ хъус дары. Кусджытæ зæрдиагæй архайынц, сæ бавнæлдмæ къух бакæнæн нæй, – зæгъы Цъыккаты Артур.

Хъæуыхицау ма нын куыд радзырдта, афтæмæй, куыддæр фæхъарм, афтæ уынгтæ æфснайынмæ рацыдысты, ныридæгæн уал цыппар зиуы сарæзтой сыгъдæгдзинад æмæ хæрзвадæттæ саразыны мæйоны фæлгæты. Артурæн йæ куысты сæйраг æхххуысгæнджытæ сты бынæттон æрæмбырд вæййы, уыцы бырон. Артур куыд зæгъы, афтæмæй хъæуы алфамбылæйттæ дзæвгар фæсыгъдæгдæр сты, цæрджытæ раздæрау, кæм сæ бафæнды, уым нал акалынц сæ бырон.

Æцæгæйдæр, цал хатты вæййæм Зæронд хъæуы – æвидауцæй йæ никæд баййæфтам. Гыццыл хъæуты сæргъæуджыты авналæнтæ сæ фæндиаг кæд не сты, уæддæр сæ бон цы у, уый кæнынц, сæ сæйрагдæр хæсыл та нымайынц сыгъдæгдзинадыл архайын.

– Нæхицæн рекламæ нæ кæнæм, фæлæ ме ‘мхъæуккæгтæ хорз æмбарынц, нæ иумæйаг хæдзар, нæ уарзон хъæуы сыгъдæгдзинад æмæ фæрныгадыл хъуамæ æмдыхæй архайæм,уый, æмæ сын уый тыххæй бузныг, – нæ фембæлды кæронбæттæны загъта Артур.

ГАПБАТЫ Алетæ

Дзырды фарн

Лæгæй хорз куы фæзæгъынц,
уæд ын фæкæсынц йæ хъарумæ,
йæ уды хъæдмæ, йæ зондахастмæ.

МАМСЫРАТЫ Дæбе

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **17 апрелы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **13-28 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,30

Хурыскаст — 05,15
Хурныгуылд — 18,45

Валютæйы аргъ

Доллар — 93,64
Евро — 99,57

12 +

Акци

Курдиæттæ исдзысты

22 апрелы Дзæуджыхъæуы исын райдайдзысты акци «Посмотри на их лица»-йы архайыны фæдыл курдиæттæ.

9 майы агъоммæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты портреттæ фæзындзысты æппæт горæтаг рекламон уæлцъæрттыл – уартытыл, афишæтыл, сити-форматтæ æмæ рухс-диодон рекламон конструкцитыл. 22 апрелæй 26 апрелмæ 14 сахатæй 17 сахаты онг Дзæуджыхъæуы цæрæг адæмæн ис мæнæ ахæм адрисмæ гæсгæ: Ватутины уынг, 17, кусæнуат 311 – курдиат барвитыны бар. Æппæт фарстаты фæдыл фæдзурут мæнæ ахæм телефонæй: 8 (8672) 53-59-77.

Ацы аз ветеранты портреттæ æвæрыны фæтк фæивта.

«Акцийы архайын кæй фæнды, уыцы адæмы нымæц рекламон фæзтæ дæттыны фæдыл горæты фадæттæй фылдæр кæй у, уый нымайгæйæ, иу баннерыл æрæвæрдзыстæм ветеранты æппынкъаддæр дыууæ портреты. Дзæуджыхъæуы администрацимæ чи бахатыд, акцийы уыцы архайджытæн хæсты ветеранты портреттæ лæвар сараздзысты æмæ сæ электронон рекламæхæсджытыл сæвæрдзысты», – фыст ис нæ республикæйы сæйраг горæты администрацийы хъусынгæнина-джы.

Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ

Æппæтуæрæсеон конкурс

Бинонты азы фæлгæты...

18-21 апрелы горæт Ростовы цæуджысты æппæтуæрæсеон конкурс «Это у нас семейное»-йы æрдæгкæронбæттæн ерыстæ. Уыдоны архайдзысты Цæгат Кавказы æмæ Хуссары федералон зылдты, стæй Уæрæсейы ног регионты командæтæ.

Ахæм дзыллон ерыстæ арæзт цæуынц бинонты азы кадæн. Архайгæ та сæ кæндзысты Цæгат Кавказы федералон зылды 40 командæйы, Хуссары федералон зылды 130 командæйы, стæй Донецк æмæ Луганскы адæмон республикæтæ æмæ Запорожьейы облæстæй бинонты командæтæ.

Конкурсон къамис уæлахиздзаутæ æмæ призерты нæмттæ фехъусын кæндзæн 21 апрелы. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы ерысы уæлахиздзаутæ Цæгат Кавказы æмæ Хуссары федералон зылдты номæй архайдзысты конкурсы федералон кæронбæттæны. Уый уыдзæн сæрды, йæ уæлахиздзауты нæмттæ та сбæрæг уыдзысты Бинонты, уарзондзинад æмæ иузæрдиондзинады бон – 8 июлы. Кæронбæттæны 30 уæлахиздзау бинонтæн саккаг кæндзысты фæйнæ 5 милуан сомы аргъ цæрæнуатон сертификаттæ, кæронбæттæны архайæг 300 бинонтæн та балæвар кæндзысты туристон балцæгтæ.

Конкурсæн фадæттæ аразы президентон платформæ «Уæрæсе – уæрæх гæнæнты бæстæ». Ерыстæ цæттæгæнæн куысты архайынц Рухсады, Фæллой æмæ социалон рæзты министрадтæ, Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл федералон агентад, æппæтуæрæсеон æхсæнад «Зонындзинæдтæ» æмæ æндæр федералон структурæтæ.

Цæгаткавказаг федералон зылды кад хъахъхъæндзысты æмæ тырндзысты конкурсы федералон кæронбæттæнмæ рацæуынмæ Цæгат Ирыстоны, Дагестаны, Кæсæг-Балхъары æмæ Хъæрæсе-Черкесийы республикæты, стæй Стъараполы крайы минæвæрттæ.

Бинонты командæтæ сæ арæхстдзинад æмæ зонындзинæдтæ æвдисдзысты интеллектуалон, сфæлдыстадон, бæстæзонæн, спортивон æмæ æндæр ахæм ерыстæ æмæ конкурсты. Командæты архайдæн аргъæнæг уыдзысты алы къабæзты кусæг специалисттæ æмæ эксперттæ. Ерысгæнæг бинонтæн сараздзысты лекцитæ æмæ арæхстдзинæдтæ равдисыны мадзæлттæ дæр.

Нæ уацхæссæг

Федералон программæтæ

Боны фæткы – скъолаты цалцæджы фарстатæ

Зындгонд куыд у, афтæмæй иннæ уæрæсейаг регионтимæ Цæгат Ирыстоны дæр дарддæр æххæстгонд цæуы иумæйагахуырадон скъолаты бындурон цалцæджы программæ. Программæйы уагæвæрдтæ Дзæуджыхъæуы куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ се 'ргом аздæхтой сæрмагонд рейды архайджытæ.

Мадзалы архайдтой «Иугонд Уæрæсе»-йы сæрмагонд проект «Ног скъола»-йы активисттæ, РЦИ-Аланийы Парламент æмæ Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды депутаттæ.

Афтæ, рейдон къорды уæнгтæ бабæрæг кодтой 41-æм скъола, Гастеллойы уынджы скъола-интернат æмæ æндæр ахуырадон кусæндæтты бæстыхæйттæ. Уымæй уæлдай, уыдон раиртæстой, Магкайы-фырты уынджы цы ног скъола аразынц, уый фæдыл подрядчикы архайд.

Цалцæггæнджытæ æмæ арасздзытимæ аныхас кæныны æмæ куыстыты фæткимæ базонгæ уæвыны фæстæ, цæстдарæг къорды уæнгтæ хатдзæгтæ скодтой сæ рейдæн.

Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимур** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй парти «Иугонд Уæрæсе»-йы «Адæмон программæ»-йы сæйрагдæр уагæвæрдтæй иу у ахуырадон кусæндæтты нывылад. Уыцы уагæвæрды бындурыл ахадгæ æргом здæхт цæуы скъолаты цалцæг æмæ ног ахуырадон кусæндæтты арæзтадмæ. «Парти æмæ æхсæнады иннæ минæвæрттæ иудадзыгдæр сæ цæст дарынц цалцæггæнæн æмæ арæзтадон куыстыты фæткмæ. Абон цы объекттæ бабæрæг кодтам, уыдон афойнадыл цæттæ уыдзысты – подрядчиктæ зæрдæ бавæрдтой, æппæт куыстытæ дæр æнæкъуыхцыйæ кæй сæхæст кæндзысты, уымæй. Зæгъæм, скъола-интернатыл бæрнон подрядчик та цалцæггæнæн куыстытæ ахицæн кæндзæн æмгъуыдæй раздæр», – бафиппайдта Ортабайы-фырт.

Уымæй уæлдай, проект «Ног скъола»-йы координатор, республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк** куыд бафтыдта, афтæмæй амынд скъола-интернаты рацарæзт куыд цæуы, уый дæнцæг хъуамæ суа иннæ подрядчиктæн дæр. «Нысангонд куыстытæ цæуынц графикæй иуцасдæр раздæр. Цалцæггæнджытæ уал ныртæккæ архайынц скъолайы уæлæмхасæн бæстыхайы. Каникулты райдайæнимæ подрядчик бавналдзæн сæйраг бæстыхайы цалцæгмæ дæр», – загъта Дзанайы-фырт.

Министры хæдивæг зæрдыл æрлæууын кодта, амынд партион проекты фæлгæты ауалдзæг 26 скъолайы цалцæг кæй райдыдта, уый дæр (уыимæ, 6 скъолайы куыстытæ ахицæн уыдзысты 1 азмæ, 20 скъолайы та – 2 азы æмгъуыдмæ).

«Цæстдарæг къорды уæнгтæ разыйæ баззадысты цалцæггæнæн æмæ арæзтадон куыстыты хæрзхъæддзинадæй. Арфæйаг у, куыстыты графиктæ æнæкъуыхцыйæ æхсæстгонд кæй цæуынц, уый дæр», – ахæм уыд ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæджы хатдзæг.

Скъолаты цалцæг æмæ арæзтады федералон программæмæ иумæйаг цæстдард ис «Иугонд Уæрæсе» æмæ УФ-йы Рухсады министрады 'рдыгæй. Партийы хъæппæрисæй программæ æхæст кæнынæн æрвылаз дæр сæрмагонд фæрæзтæ дихгонд цæуы федералон бюджетæй.

Зæгъын хъæуы, æрæджы Уæрæсейы Президент Владимир Путин Федералон æмбырдмæ йæ æрвылазон Ныстуаны цы амынддзинæдтæ радта, уыдоны бындурыл скъолаты рацарæзты федералон программæйы æмгъуыд адарддæр уыдзæн 2030 азы онг. Уымæй уæлдай, бындурон цалцæджы программæмæ бахæсдзысты рæвдауæндæттæ, колледжтæ æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты æмдзæрæнтæ дæр.

САНАТЫ Альбинæ

Дзыллон зиу

«Номарæн дыргъдон» – Дыгуры районы

Куыд иннæ уæрæсейаг регионты, афтæ Цæгат Ирыстоны дæр дарддæр æххæстгонд цæуынц дзыллон акци «Номарæн дыргъдон»-ы мадзæлттæ. Ацы хатт акцийы архайдтой Дыгуры районы цæрджытæ.

Нысангонд рæстæгмæ Урсдонмæ æрбамбырд сты хъæдгуыстгæнджытæ æмæ иннæ бархионтæ (се 'хсæн уыдысты районы мидхъуыддæгты хайады службæгæнджытæ дæр). Зиууæттæ бынæттон хъæды хæдзарады зæххытыл ныссагътой кæрз æмæ тæгæр бæлæсты 10 мин талайы.

«Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бонты советон адæм цы æгæрон хъæбатырдзинад æмæ удуæлдайдзинад равдыстой, уый зæрдыл даргæйæ, ацы проекты архайджыты нымæц азæй-азмæ фылдæр кæны. «Номарæн дыргъдон» æнгомдæр кæны алы фæлтæрты минæвæртты, цæстуынгæ цыртдзæвæн у, хъæбатырты нæмттæ не 'мбæстæгтæн табуйаг кæй сты, уымæн», – фæстæдæр фæбæрæг кодта Дыгуры хъæды хæдзарады хицау **Созайты Кермен**.

Цæгат Ирыстоны Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, акци «Номарæн дыргъдон»-ы фæлгæты ацы азы дæргъы нæ республикæйы алы районты ныссадздзысты 50 мин талайы бæрц.

Зындгонд куыд у, афтæмæй уæрæх экологон-патриотон акци «Номарæн дыргъдон» ныр æххæстгонд цæуы цалдæр азы. Йæ сæйрагдæр нысан у, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг чи фæмард, нæ уыцы 27 милуан æмбæстæгтæй алкæй номыл дæр бæлас ныссадзын.

Амынд дзыллон акцийæн фадæттæ аразынц Уæрæсейы Рухсады æмæ Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрадтæ, УФ-йы Хъæды хæдзарады агентад, æнæкоммерцион иугонд «Номарæн дыргъдон», æхсæнадон змæлд «Уæлахизы бархионтæ» æмæ æндæр федералон структурæтæ.

КАЛМАНТЫ Аслан

Барадхъахъхъæнджыты куыст

Æнæниздзинад фæфидар кæнынæн

Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ архайдтой Æнæниздзинады æппæтдунеон боны кадæн арæзт дзыллон мадзæлтты.



Барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ царды æнæниз уаджы тыххæй хабæрттæ арæх радзурынц, фæлæ ацы хатт районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты инспектор, пъæлицæйы кæстæр лейтенант **Бекуызарты Мæдинæ** программæ «Навигаторы детства»-мæ гæсгæ Мызуры скъоладзаутæн амыдта физкультурæйы гом урок.

Дзыллон мадзалы архайæг кæстæр кары фæсивæд пъæлицæйы кусæг-сылгоймагимæ иумæ æххæст кодтой физкультурон фæлтæрæнтæ, æнахъомтæн та уыд алыхуызон – зæгъæм, армхæсты – ерысты архайыны, æмæ спортивон ифтонггæрзтыл фæлтæрæнтæ æххæст кæныны фадат.

Фæстæдæр, спортивон залмæ раивгæйæ, сывæллæттæ æмæ хъомыл адæм æнæниздзинад фидар кæнынæн ахъазгæнæг фæлтæрæнтæ дарддæр æхæст кодтой. Амæй размæ куыд уыд, афтæ ацы хатт дæр фæсивæд архайдтой «Хъæлдзæг райдианты» ерысты дæр.

Адæм æнæниздзинад фидар кæнынæн ахъазгæнæг дзыллон мадзалæй разыйæ баззадысты.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы хайады инспектор

Æнæмæлгæ полкъ

ХОЗИТЫ Барис

СИДАХЪАТЫ Индрис

ХОЗИТЫ Тазрет

ЦОПАНТЫ Næуæг

ДЗАНАЙТЫ Аким

МЫРТАЗТЫ Бекызæ

ХАПСÆТЫ Майрæм

ЦÆГÆРАТЫ Егор


ХАПСÆТЫ Майрæм

Амбарцум АМБАРЦУМЯН

КУЫДЗОЙТЫ Гака

ХЪАЙТЫХЪТЫ Андрей

Иу уацхъуыды фæдыл

Йæ ном Дзуары номау табуйаг у

Алы хуымæтæг адæймаг хъуамæ йæ ныфс ма хæсса нæ номдзыд Къостайыл дзурынмæ, фæлæ уарзт зæрдæйæ æддæмæ куы тона, уæд йæ бамбæхсын зын у.

Къостайы Дзæуджыхъæу

Ацы аз сбæрæг кæндзыстæм Хетæгкаты Къостайы райгуырæн боны 165 азы юбилей. Уый кæуыты бæрæгбон уыдзæн махæн, цæйбæрц уазджытæ нæм æрцæудзæн нæ бæстæйы алы рæттæй! Мыедзыстæм та æрдхæрæны поэты, Нары хæхты зæлдзыты йæ рæстдзинадмæ сидæг рæнхъытæ. Æнæмæнг, алкæй дæр фæндзæн фенын Къостаймæ бæст быдтæ, æмæ æмонджын стæм, уыцы быдтæ нын нæхи цæстæй фенынæ фадат кæй ис, уымæй. Фæлæ, цы уаварæ сты, уый дæр адæмæн зонинаг хабар у.

Дзæуджыхъæуы, Къоста цы хæдзæртты къæсæрæй бахыст, рæстæгмæйу кæм æрцард, уыдон ма абон дæр æнæхъæнæй лæвæрынц. Се 'ддаг бакаст уыцы рæстæджыты куыд уыд, ныр дæр афтæ у, æрмæст иуæй-иу хæдзæртты мидæгæй уаварæ рацæрæзтой. Не 'ппæтæн дæр зынгæ уыдзæн у Бутырины уынджы поэты заман (Воронцовская уынг) мемориалон хæдзар-музей. Ацы бæстыхайы Къоста фæцардис иу аз.

– Музеймæ цæуджытæ арæх ис, уæлдайдæр – уалдзæг, сæрд æмæ фæззæдзы. Скъоладзаутæ, карджын адæм, ныр панно скæнын, баххуыс ма нын кæндзæн «Къоста хохæгты æхсæн» скульптурæмæ базилон дæр. Уымæй уæлдай, хæдзæхуыр артисттæ кæм архайдзысты, æхсæн спектакль саразын, сабирдзинады проспекты, «юношеская библиотека» кæй хонынц, уым. Ацы ран кæддæр, «коммерческон клуб»-уыдис. Алыхуызон равдысытытæ æмæ спектакльтæ дзы æвдыст цыдысты. Къоста дæр дзы йе сфæлдыстадон куыст кодта.

– Къостайы дзаумæттæй музейы цы ис?

– Йæ лæдзæг, оригинал. Ис нæм йæ æвзист рон æмæ хъама, фæлæ сæ национ музеймæ радтам, уым хъæхъхъæд цæуынц, уымæн æмæ музейæн йæ рудзгуытæ æмæ дуæрттæ хорз уаварæ не сты. Ис нæм йæ кæуфысытæ, кæмттæ æмæ, сæйрагдæр, – йæ райгуырдæй фæдыл æвдисæндар (метрикæ) – æппæт дæр оригиналтæ. Музейы фенæн ис, Къостайы хорз чи зыдта, хæларæй кæвмæ цард, уыцы адæймагæн дзаумæтæ балхæнид, уæд дзы сфæлдыстадон галуан саразиккой, Вахтанговы хæдзар куыд рацарæзтой, æфтæ. Музей саразыны фарста куы сæвзæрд 1979 азы, уæд ацы объектыл ныхас цыдис, фæлæ дзы Къоста иунæг бон дæр нæ ацыд. Самадта йын йæ кæлтæ, йæ сæр ын бамбæрста æмæ æруатон. Нал сыстад, æфтæмæй амард, йæ хæдзар та æрддагарæзтæй баззад, – дзырдта Отарты Зæвлинæ.

Поэты номыл музейтæ

Æппæты фыццаг, Хетæгкаты Къостайы номыл музей æрæзт æрцыд Нары 1939 азы, поэты райгуырæн боны 80 азы кадæн. Уый тыххæй бæлвырд фыста Хъуысаты Генри. Уыцы рæстæг ма Нары Къостайы фыдæфыд Елберды къæс æнæхъæн уыдис. Уымæ иу æгъыст ногдзæрмæ рацарæзтой æмæ дзы равæрдтой поэты цардимæ бæст æрмæджытæ. Æвæрд ын æрцыд обелиск. Цыртдзæвæн гом кæныны мадзалы архайдта фыссæг Александр Фадеев дæр. Фæлæ адæймæн тынг цыммидисаг уыд хъæдкъул скъæт, Къоста кæм райгуырд, уыцы хатæн. Йæ æцдæн дæр ма абон уым ис. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд музеймæ никæй уал æвдæлд фæхæст азты дæр. Стæй, 1979 азы, Къостайы райгуырæн боны 120 азы юбилейон мадзæлттæм музей бынтондæр рацарæзтой цалдæр уæлдæфæмæ, фæлæ йын йæ историон хуыз фесæфтой. Уыцы аз Дзæуджыхъæуы дæр, Бутырины уынджы байгом мемориалон хæдзар: Дзанайты-Хетæгкаты Къостайы номыл музей æрæзт æрцыд.

Къæмæ: Къоста йæхæдæг цы хæдзар сарæзта, уый абон Армянскайы уынджы нæм райгуырдтой туристтæ. Йæ цыты раз æмæлæвæрдтой æппæт æвзæрстæ, æмæ æппæтæн дæр æмæ æппæт æгæрон æмæ æппæт æгæрон æмæ æппæт æгæрон

Спортивон фидиуæг

Бокс

Æрыгæттæм – авд хæрзиуæджы

Боксæй Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгæтты (15-16 азы онг) 'хсæн цыдысты Тверы облæсты. Ерысты æдæппæтæй архайдтой Уæрæсейы 72 регионæй 524 спортсмены. Се 'хсæн цы ирыстойнаг чызджытæ æмæ лæппутæ тох кодтой ринджы, уыдонæн бантыст авд хæрзиуæджы рамбулын.

Чызджыты ерысты Ирыстоны минæвæрттæн бантыст иу сыгъзæрин, иу æвзист æмæ дыууæ бронзæ майданы рамбулын. Сыгъзæрин майданæй хорзæхджын ссис боксерон клуб «Арс»-ы, тренертæ Кæркуысты Павел æмæ Быценты Аланы хъомылгæнинаг Самирæ Итониева. Уый 80 кг уæлдæр уæзы фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ бацахста 1-аг бынат. Самирæ кæронбæттæны тохы 5:0-æй фæуæлахиз краснодайраг чызг-боксер Вероникæ Вобляйыл. 52 кг онг уæзы дыккаг бынат бацахста тренер Александр Финькойы хъомылгæнинаг Сланты Камиллæ. Уый рамбылдта æртæ ныхмæлæууæгæй, фæлæ кæронбæттæны иучысыл фæкъуылымпы æмæ фæхæрд мæскуыйаг чызг Ксения Андреевайæн. 3-аг бынæттæ бацахстой: 46 кг – София Суджашвили (тренертæ Кæркуысты Павел æмæ Быценты Алан) æмæ 52 кг – Гæззаты Ланæ (тренер Евгений Матвеев).

Лæппуты ерысты ирыстойнаг боксертæ рамбылдтой дыууæ æвзист æмæ иу бронзæ майданы. 57 кг онг уæзы Хъæбæлоты Артур фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд Ростовы облæсты минæвар Павел Кондрашовимæ. Сæ тох ахицæн Кондрашовы пайдайæн, æмæ Артур бацахста 2-аг бынат (Кæркуысты Павел æмæ Быценты Алан). 75 кг онг уæзы цыппар ныхмæлæууæгыл фæуæлахиз тренер Цæгæраты Владимиры хъомылгæнинаг Хъараты Астемыр. Йæ фæндзæм тох уыди кæронбæттæны бетъырбухаг боксер Арсений Стольниковимæ. Сæ тохы тæрхонгæнджытæ уæлахиз радтой Стольниковæн, æмæ Хъарайы-фырт хорзæхджыгонд ссис æвзист майданæй.

70 кг онг уæзы Цæлойты Сæрмæт (Цæлойты Георги) рамбылдта æртæ ныхмæлæууæджы, фæлæ æрдæгкæронбæттæны фæхæрд дагестайнаг боксер Далгат Салиевæн æмæ æрлæууыд 3-аг бынаты.

Командæты 'хсæн нæ чызджытæ бацахстой 3-аг бынат. Ам 1-аг ссис Краснодары край, 2-аг та – Мæскуыйы командæ. Лæппуты командæтæй 1-аг бынатмæ рацыд Дагестан, 2-аг бынат бацахста Бетъырбух, 3-аг та ссис Мæскуыйы командæ.

Æмткæй райсгæйæ, нæ боксерты архайд банымайæн ис хорз æнтыстыл.

Самбо

Рамбылдтой балцæгтæ

Хъæрæсе-Черкесы Республикæйы сæйраг горæт Черкесскы цыдысты дунейы чемпион Михаил Кунижевы номарæн Æшпæтуæрæсеон турниры ерыстæ самбойæ.

Уæрæсейы алы кæрæттæй ссæуæг самбисты 'хсæн уыдысты Ирыстоны цалдæр минæвары. Ерысты архайдтой æрыгон (16 азы онг) самбисттæ, æмæ уыдонæй сæ бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст цыдысты, Уæрæсейы ерысты архайыны бар кæмæн уыдзæн, уыдон.

Ирыстойнаг самбисттæй ахæм балцæгтæ рамбылдтой дыууæ лæппуйы. 88 кг онг уæзы сæрæн хæст ракодта тренер Козаты Аланы хъомылгæнинаг Эльдар Мочильский. Уый фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ бацахста 1-аг бынат.

Хорз рахæцыд тренер Илья Циклаурийы хъомылгæнинаг Ренат Зинатулин дæр. Уый 71 кг онг уæзы бацахста 2-аг бынат æмæ йын лæвæрд æрцыд балцæг Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Бинонты аз

Царды рæсугъддзинадыл архайæг кæстæртæ

Æхсæнад йæ хуыздæр, ахъаззагдæр миниуджытæ æрмæстдæр фидар бинонты фæрцы равдисы. Ацы аз банымадтой Бинонты азыл, фæзминаг, удуæлдай фыдæбонгæнæг къæйттæ нæм тынг бирæ ис. Мæн дæр бафæндыд уыдоны тыххæй ныффыссын. Йæ ныйарджытæй æгъдау, æфсарм, кад, уæздандзинад чи рахæссы, фыдæлты уидаг хус кæнын чи нæ уадзы, уыцы кæстæртæ амондджын сты.

Уыдон уал раздæр бæлас ныссадзынц, хæдзар самайынц æмæ бинонты хъуыддаг бакæнынц. Ахæм рауад кæрдзыныхъæуккаг Моргуаты Хъазыбеджы фырт Хадзымырзæйы цардвæндаг дæр. Схъомыл сидзæрæй, йæ фыд æмæ мад цæрынхъуагæй а дунейæ ахицæн сты. Хадзымырзæ, йе 'фсымæр Пушкин æмæ хо Моргуаты лæппу. Тынг сæрæн уыд йæ бавнæлд, уæдæ артаг æмæ сæрдæн æрмæг æнæкъуылымпытæй хæццæ кодта совхозмæ. Уайтагъд дæр райста Коммунистон фæллойы хъазуатоны ном, Хадзымырзæйы гаражы партион къорды нымæрдарæй кæй равзæрстой, уый дæр æвдыста адæмы æууæнк. расыгъдæг кодтой цæхæрадон, ныссагъгтой дзы бæлæстæ...

Афтæмæй бавнæлдтой хæдзар аразынмæ. Римæ тынг тыхстис, дон сæ кæй нæ уыд, уымæй. Иу бон ссыд скъолайæ, йæ дыстæ арф бафæлдæхта æмæ бавнæлдта доны цъай къахынмæ. Цалдæр боны фæстæ сæм фæзынд нуазыны дон. Хъысмæт сæм йæ мидбылты худтис, сæ къухы бафтыд сара саразын, йæ бынмæ скодтой дыууæ уаты. Сæ авналæнтæ куыд амыдтой, афтæ дарддæр арæзтой сæ хæдзар дæр. Сæ хæдзарæй райхъуыст сывæллæтты худт, фæзынд сын барынчын ис Хадзымырзæ дæр. Бæргæ ма йæ дзæбæх кодтой, фæлæ цардæй ахицæн. Бинонтæ æмæ хиуæттыл скодтой кæуыны бонтæ, Римæ дæр Хадзымырзæйы фæстæ æрхаудта. Йæ къахайст йæхи бар нал у, цæуы лæдзæджы æнцæйтты. Фæлæ æппынæдзух æнкъары йæ чындз Алæйы узæлд, рæвдыд. Ницы хъуаг æй уадзы, æмæ дзы бузныг у.

Хадзымырзæ æмæ Римæ бæргæ ныссагъгтой бæлæстæ, сарæзтой хæдзар, фæлæ æгъатыр низæн мадзал нæ разынд. Ацы рухс дунейы Хадзымырзæ фæцард нæуæдз азмæ 'ввахс...



Галиуырдыгæй рахизырдæм:
Римæ, йæ фарсмæ Хасан æмæ Олег, Хадзымырзæ йæ чызг Иринæимæ

Розæ аззадысты сидзæрæй. Хо Розæ райста уæлдæр ахуырад æмæ йæ амонд ссардта лабæйаг Баскаты Георгиимæ. Æфсымæр Пушкин куыстагур афтыд дард Сыбырмæ.

Хадзымырзæ баззад йæ фыдыфсымæр Алисойы бæрны, цард йæ фæрныг хæдзары. Скъолайы фæстæ райста шофыры дæсныйад, уæд та æртæ азы службæ кодта æфсады. Сыздæхт уырдыгæй, кусын райдыдта шофырæй фосдарæн совхозы. Йæ бавнæлд уыд дæсны, уый бафиппайдта сæйраг инженер Дзиуаты Ахмæт. Цы машинæйыл цыд, уый тынг зæронд уыд, фæлæ йæм базылдысты, æмæ йæ Хадзымырзæйы бæрны бакодта.

Фосæн холлаг ласта Куыста бæрнонæй, уайтагъд гараж ракодта раззагдæрты 'хсæнмæ. Йæ фæллойадон чиныджы ис æрмæстдæр дыууæ фысты: ацы куыстмæ æрбацæуыны æмæ ацы куыстæй ацæуыны тыххæй.

Фыдыфсымæры фæндыд, цæмæй æрыгон лæппу бинонты хъуыддаг бакæна, фæдзырдта Хадзымырзæмæ, йемæ аныхас кодта. Сразы ис лæппу хистæры ныхасимæ, минæвæрттæ барвыста Куындыхаты Тепсарыхъойы чызг Римæмæ. Алисо сын скодта чындзæхсæв, æрыгæттæ цардысты, кæрæдзийы ныхас æмбаргæйæ. Иу бон бабæрæг кодтой, Моргуаты Хъазыбег раздæр кæм цард, Хадзымырзæ кæм райгуырд, уыцы кæрт. Сфæнд кодтой уым хæдзар саразын. Нæ фæтарстысты зындзинæдтæй, дыууæ лæппуйы æмæ чызг. Æфсымæртæ Хасан æмæ Олег, хо Иринæ каст фæсты хъæуы скъола.

Райстой уæлдæр ахуырад дæр. Хасан кусы таможняйы бæрнон бынаты, цæры Дзæуджыхъæуы, Иринæ дæр йæ амонд ссардта, уый дæр горæты цæры. Олег баззад Кæрдзыныхъæуы, йæ мад-йæ фыдимæ. Фæкуыста зоотехникæй фосдарæн совхозы, ныр та раивта кæсагдарæн малтæм. Йæ афоныл йæ цард баиу кодта Гæздæнты Алæимæ. Фæрныг хæдзармæ ног чындз амондджын къах æрбавæрдта. Арфæйаг чындз разынд Алæ. Стыр аргъ кæны хæдзары хистæртæн, лæггад кæнынæй йæ ничи амбулдзæн.

Цард цæуы æмæ йемæ ивддзинæдтæ хæссы, уыцы уæззау коронавирусæй æрдыууæ лæппуйы æмæ чызг. Æфсымæртæ Хасан æмæ Олег, хо Иринæ каст фæсты хъæуы скъола.

Райстой уæлдæр ахуырад дæр. Хасан кусы таможняйы бæрнон бынаты, цæры Дзæуджыхъæуы, Иринæ дæр йæ амонд ссардта, уый дæр горæты цæры. Олег баззад Кæрдзыныхъæуы, йæ мад-йæ фыдимæ. Фæкуыста зоотехникæй фосдарæн совхозы, ныр та раивта кæсагдарæн малтæм. Йæ афоныл йæ цард баиу кодта Гæздæнты Алæимæ. Фæрныг хæдзармæ ног чындз амондджын къах æрбавæрдта. Арфæйаг чындз разынд Алæ. Стыр аргъ кæны хæдзары хистæртæн, лæггад кæнынæй йæ ничи амбулдзæн.

Цард цæуы æмæ йемæ ивддзинæдтæ хæссы, уыцы уæззау коронавирусæй æрлæууыд 3-аг бынаты.

Командæты 'хсæн нæ чызджытæ бацахстой 3-аг бынат. Ам 1-аг ссис Краснодары край, 2-аг та – Мæскуыйы командæ. Лæппуты командæтæй 1-аг бынатмæ рацыд Дагестан, 2-аг бынат бацахста Бетъырбух, 3-аг та ссис Мæскуыйы командæ.

Æмткæй райсгæйæ, нæ боксерты архайд банымайæн ис хорз æнтыстыл.

Олег æмæ Алæ кæрæдзи хорз æмбарынц, Римæ сæм йæ цæст дары, йæ алы ныхасмæ дæр ын къæрцхъус сты кæстæртæ. Сыхбæсты алы хъуыддаджы дæр Олег æмæ Алæ балæууынц, лæггад бакæнынц. Сæхæдæг дæр дæр хъомыл кæнынц кæстæртæ. Сæ лæппу каст фæцис Мæскуыйы хæстон институт, ныр æрыгон лейтенант, взводы командир уæвгæйæ, хъахъхъæны нæ бæстæйы арæнтæ. Чызг нырма ахуыр кæны.

Моргуаты Хадзымырзæ æмæ Римæйы цот рауадысты æгъдауджын, фæзминаг, царды рæсугъддзинадыл æппынæдзух архайæг кæстæртæ.

БОГАЗТЫ Арсæмæг,
Ирыстоны кадджын ветеран

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

Хорзы кой дардмæ хъуысы

Ирон лæг йæ уынд æмæ мулкæй номдзыд нæу, фæлæ йæ хорз хъуыддæгтæй. Ноджы рæстдзинадыл хæст куы уа æмæ нæ рæсугъд æгъдæуттæ куы æххæст кæна, уæд дзы адæм разы уыдзысты. Раст ахæм адæймаг у Лалыты Лев — Дзæуджыхъæуы сахары Ветеранты советы сæрдар, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æхсæнадон палатæйы уæнг, адæмты 'хсæн æмæ æддагон бастдзинæдтæ райрæзын кæныны Ирыстоны Æххуысады фонды сæрдар.

Левæ (афтæ йæ хонынц хæлæрттæ иууылдæр) фæкæсинагмæ кæддæриддæр бадары æххуысы къух. Уымæн дæнцæг — æрæджыйы цау. Цæвиттон, телеканал «Осетия-Ирыстон»-ы равдыстытæй иуы федта Ставд-Дурты хъæуы цæнкуыл фæллойы ветераны. Чи у, цæмæн æрвиты йæ рæстæг цæнкуылты къæлæтджыны? Цæмæй йын феххуыс кæнон, цард æм цæмæй зындонау ма кæса, уымæн? Ацы æмæ æндæр хъуыдытæ æркодтой Лалыйы-фырты Елхотмæ, «Иры Стыр Ныхас»-ы Кировы районы хайады советмæ. Йæ сæрдар Къубалты Солтанимæ араст сты Ставд-Дуртæм Болататы Захары фырт Владимиры хæдзармæ.

— Адæм кæрæдзимæ хæстæгдæр куы лæууиккой, кæрæдзийæн бахъуаджы сахат æгъдæнцой куы уаиккой, уæд Ирыстон, дидинæгау, цæхæртæ калид, — фæндагыл йæ хъуыдыты хал хæлдта Лев. — Хорздзинад ракæнын зын нæу: дзыхыныхасæй барæвдауын, дæ исбонæй фæкæсинагæн фæхай кæнын, иучысыл чи фæцудыдта, уымæ æххуысы къух бадарын... Уыдон æххæст кæнынæн бирæ цыдæртæ нæ хъæуы. Ахæм зондыл хæст чи у махæй дарддæр, уыдонæн сæ цæрæнбон бирæ уæд. Уыдон сты «Стыр Ныхас», Æхсæнадон палатæ æмæ нæ Фонды уæнгтæ...

Болататы райдзаст кæрты уындæй уазджыты зæрдæтæ барухс сты. Педагогон фæллойы ветеран Владимир зылдхъуаг æмæ æвæрæсæг нæу. Фæлтæрдджын ахуыргæнæг схъомыл кодта дыууæ фырты – Вадим æмæ Вячеславы, кæцытæ ныр цалдæр азы цæрынц æмæ кусынц нæ бæстæйы сæйраг сахар Мæскуыйы. Сæ хо Анжелæ цæры фыдимæ, кусы хъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы. Сæ мад, хъыгагæн, æгæр раджы ахицæн цардæй, æмæ цот се 'ппæт уарзондзинад сарæзтой фыдмæ.

— Ацы къæлæтджыны бадгæйæ, цард нæ фæцис, — дзырдта Лалыйы-фырт Владимирæн. — Дæ кæстæртæ — дæ фарсмæ, бахъуаджы сахат сыхæгтæ фæкæсдзысты. Куыд зонын, афтæмæй дыууиссæдз азы бæрц фæкуыстай ахуыргæнæгæй. Кæй фæхъомыл кодтай, уыдоны хорздзинæдтæн æвдисæн куы уай, уæд цы ис уымæй хуыздæр.

Лев йæхæдæг дыууиссæдз азы размæ бахаудта фæндаггон фыдбылызы, алыг ын кодтой йæ дыууæ къахы дæр. Фæлæ йæ ныфс нæ асаст — слæууыд годзыкъæхтыл (протезтыл), æмæ уæдæй абонмæ йæ сæйрагдæр нысан ссис хæрзаудæндзинад. Цал æмæ цалæн баххуыс кодта Ирыстоны адæмæй Цæгатæй Хуссармæ, уый зын банымайæн у.

Лалыйы-фырт æнтыстджынæй пайда кæны культурæйы иугæнæг тыхæй. Йæ хъæппæрисæй Ирыстоны хъæутæ æмæ сахарты æвæрд цæуынц Хетæгкаты Къостайы бюсттæ. Ацы аз уыцы проект æххæстгонд æрцæудзæн Елхот, Комсомольск æмæ Ираны хъæуты.

Цас æхсызгондзинад æрхаста Лев Болатайы-фыртæн, йæ риуыл ын майдан «Хæсты сывæллæттæ» кæй бакодта, уымæй! Балæвар ын кодта йæ чиныг «Хæрзсыхагдзинады закъæттæм гæсгæ», кæцы ныффыста ацы хъæуæй рацæуæг журналист æмæ фыссæг Черчесты Хъасболаты æххуысæй...

Бирæ арфæтæ фæкодтой Владимиры чызг Анжелæ æмæ фырт Вадим æнæнхъæлæджы уазджытæн, сæ рынчын фыды зæрдæйы ма иу хатт ныфсы цъыртт кæй бауагътой, уый тыххæй. Уæлдай бузныг сты Лалыты Левæйæ, уый æнæрынцойæ хорздзинад æмæ хæлардзинад тауы адæмы 'хсæн.

КЪУБАЛТЫ Аркади

Къамы галиуырдыгæй рахизырдæм:
ЛАЛЫТЫ Лев, БОЛАТАТЫ Владимир æмæ КЪУБАЛТЫ Солтан

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Профессион æгъдауæй бæлæстæм базилдзыстæм æмæ, цалынмæ къуыбар нæ рафтыдтой, уæдмæ сæ хъæугæ хосæй бапырх кæндзыстæм.
Бадзурæн ис ахæм телефонтæй:
8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргъгъæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Номыры радхæссæг редактор — **Мамиаты Лолитæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Йзæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3229.
Заказ № 400.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru